**РЕЗЮМЕ.** Мазкур мақолада қарақалпоқ халқ достони «Алпомиш» ҳамда қирғиз халқининг «Манас» достонларидаги образ яратилишидаги ўхшашлик масалалари атрофлича ўрганилади. Шу билан бирга ушбу асарларнинг композицион тузулиши, сюжет линиясидаги, қаҳрамонлар характеридаги ўхшаш жиҳатлар тадқиқ этилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье подробно рассматриваются сходства в создании образов в каракалпакском народном эпосе «Алпамыс» и кыргызском эпосе «Манас». При этом изучаются композиционная структура, сюжетные линии и характеры персонажей этих произведений.

**SUMMARY.** This article examines in detail the similarities in the creation of images in the Karakalpak folk epic «Alpamiys» and the Kyrgyz epic «Manas». The compositional structure, plot lines, and characterizations of these works are examined.

## АБАЙ ШЫҒАРМАЛАРЫНДА ИЛИМ-БИЛИМ МӘСЕЛЕЛЕРИНИҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ

**Б.А.Давлетов –** *филология илимлериниң кандидаты, доцент*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** дидактика, поэзия, илм, билим, санъат, аҳлоқ, тарбия, фазилат, санъат, меҳнат.

**Ключевые слова**: дидактика, поэзия, наука, знание, искусство, мораль, воспитание, добродетель, искусство, труд.

**Key words**: didactics, poetry, science, knowledge, art, morality, upbringing, virtue, artistry, labor.

**Кирисиў.** Абай – қазақ халқының уллы сөз зергери. Ол тек ғана қазақ халқының арасында танылып қалмастан, пүткил дүнья жүзлик әдебият орталығында кең жәмийетшиликке өзиниң бийбаҳа мәнили сөзлери, әдебий шығармалары арқалы мәлим. Шайыр шығармаларында дүньяның, жәмийеттиң раўажланыўы, ел-халқының келешек тәғдирин жырлаў менен биргеликте инсан баласының уллылығын, адамгершилик пазыйлетлерин, әдеп-икрамлылық ҳәм тәлим-тәрбиялық мәселелерди жырлайды.

**Әдебиятлар анализи ҳәм методология.** Абай дөретиўшилиги қазақ әдебияттаныў илиминде ҳәр тәреплеме терең изертленген. Атап айтқанда, шайырдың әдебий мийраслары ҳәм оның көркемлик-стиллик изленислери, сүўретлеў қуралларының поэтикалық өзгешеликлери, эстетикалық көзқараслары З.Ахметовтың изертлеўлеринде талқыланған [1:59-85; 2]. Илимпаз М.Дулатовтың айтқанындай, «Абай қосықлары еситкенниң жүрегин жигерлендирерликтей тәбийий…» [3:144] шығып, сыншы илимпаз К.Ысқақулының пикиринше, «халықты илимге умтылдырып, кеўил көзин ашпаққа ибрат ушын жазғанын билдирип қосық шығарған» [3:24]. Ал, Ахмет Байтурсынулы «Қазақтың бас ақыны» мақаласында, «не нәрсе ҳаққында жазса да Абай түбирин, тамырын, ишки сырын, қәсийетин қамтып жазады. Нәрсениң сырын, қәсийетин билип жазған соң сөзиниң бәри де халыққа тирелип, оқыўшылардың билимине сын болып, имтихан болып табылады» [3:136]. Ал, Абдирахман Сағди Абай ҳаққында, «Абай – ақыл, ғайрат, жүректи бирдей услаған адам» [3:159], – деп жазады. Абай дөретиўшилиги қарақалпақ әдебиятында И.Сағитов, Б.Исмайлов, С.Исмайлов, Қ.Жумажанов ҳәм т.б. изертлеўшилер тәрепинен кең талқыға тартылған [4].

Изертлеўдиң жүзеге келиўинде көркем – эстетикалық, биографиялық талқы методларынан пайдаланылды.

**Талқылаўлар ҳәм нәтийжелер.** Абай қәлеминен дөреген «Илим таппай мақтанба», «Билимлиден шыққан сөз», «Үлги алсын деймен жас жигитлер», «Интернатта жүр», «Әлипбе» қосығы», «Жасымда илим бар деп ескермедим», ҳәм т.б. қосықларында жас әўладқа үлкен исеним менен қарап, олардың сана-сезимлерин оятып, келешектеги уллы ислерге умтылдырыўы, яғный, жасларды терең илим-билим ийелеўге, кәсип-өнер үйрениўге шақырады. Мысалы, «Илим таппай мақтанба» қосығында:

Орын таппай бапланба,  
Қумарланып шадланба,  
Ойнап босқа күлиўге.  
Бес нәрседен қашық бол,  
Бес нәрсеге асық бол,  
Адам боламан десеңиз.  
Тилеўиң, өмириң алдында,  
Оған қайғы жесеңиз.  
Өсек, өтирик, мақтаншақ,  
Ериншек, бийкар мал шашпақ –  
Бес душпаның, билсеңиз.  
Талап, еңбек, терең ой,  
Қанаат, реҳим, ойлап қой –  
Бес ҳасыл ис, көнсеңиз… [5.4.]

Қосықта адамларды өтирик, өсектен, мақтаншақлықтан, ериншекликтен, ысырапгершилик-тен аўлақ болыўға шақырып жақсы нәрселерди үйренип, табысқа ерисиўди мақсет етип, ҳадал мийнет етиўге шақырған. Мысалы:

Алым болмай немене,  
Балалықты қыйсаңыз?  
Болмасаң да уқсап бақ,  
Бир алымды көрсеңиз.  
Ондай болмақ қайда деп,  
Айтпа илим сүйсеңиз,  
Сизге илим ким берер,  
Жанбай жатып сөнсеңиз?  
Дүнья да өзи, мал да өзи,  
Илимге кеўил бөлсеңиз  
Билгенлердиң сөзине  
Муҳаббат пенен ерсеңиз [5.4].

Балаларға жаманлық ислеўден тыйылып, жақсылық етиўди үлги етип, оған әмел қылыў, балалықтан билим алыўға, өнер үйрениўге куштарлығын оятып, бунның ушын жақсы инсанларға қулақ түриў ҳәм де ўақтыңды босқа өткермей жаслықтан мийнет етиў арқалы жететуғынлығын түсиндиреди. Қосықта адам бойында қандай жақсы пазыйлетлердиң болыўы кереклигин, қандай унамсыз иллетлерден аўлақ болыў зәрүрлигин нәсиятлайды.

Абайдың бул қосығы қарақалпақ классик шайыры Бердақтың «Балам» қосығында мазмуны жағынан үнлес келеди. Мысалы:

Жаман атың түсип көзге,
Сарғыш ендирмегил жүзге,
Ерме ҳасла шуғыл сөзге,
Ғыйбат сөзден қашқыл балам [9:30].

Бунда шайыр жаслардың өмирде туўры жолды дурыс таңлай билиў зәрүрлигин, ҳәр қандай жағдайда да өтирик, өсектен аўлақ болып, дос-душпанды аңлай билиўге шақырады.

Абайдың «Өспиримлик бир келер – келмес қайтып…» деп басланатуғын қосығында да келешек заманда үлкен өкинишке гириптар болмаслық ушын, дәслеп жаслық дәўиримизден өнер-кәсип үйренип қалыў кереклигин түсиндиреди. Мысалы:

Жаслықта бир күлгениң бир қаралық,
Күлки баққан көрер бийшаралық,
Дәслеп өнер излейик, қолдан келсе
Қапылса да мийнет етсин гирдикарлы [6:20].

Абайдың отыз сегизинши қара сөзлеринде адамның минез-қулқындағы сыпатларды атап көрсетеди: «Дәслеп адамның адамлығы ақыл, илим деген нәрселер менен. Қашан бир бала илим, билимди муҳаббат пенен меңгерсе, сонда ғана оның аты адам болады.

Гүллән адам баласын хор қылатуғын үш нәрсе бар. Соннан қашпақ керек: әўели – наданлық, екиншиси – ериншеклик, үшинши – залымлық деп билесең. Наданлық – билим-илимниң жоқлығы, дүньяда ҳеш бир нәрсени оларсыз билип болмайды» [8].

Шайырдың «Алымнан надан артпас уққан менен» атлы қосығында илим алыў, билим ийелеўге тусаў болған айырым адамлардың ҳәрекетлерин наданлыққа жорыйды. Мысалы:

Алымнан надан артпас уққан менен,
Тәғдир көрмей қоймайды буққан менен.
Олдағы өз қәддинен аса алмайды,
Бәйшешек ерте өнип шыққан менен [6:134-135]

Билимиң, ақыл-ойың сайыз болса көринип туратуғынлығын, сол ушын, жаслықтан жалқаўлықтан, билимсизликтен жырақ болыў кереклигин уқтырмақшы болады. Мысалы:

Жасымда илим бар деп ескермедим,
Пайдасын көре тура тексермедим.
Ержеткен соң түспеди уўысыма,
Қолымды мезгилинен кеш сермедим [5:10].

Шайыр бул қосық қатарлары арқалы, жасларды келешекте жетик инсан болыў ушын илим-билим ийелеўге, ҳадал мийнет етиўге жол көрсетпекши болады.

Қолы жетпес нәрсеге тыртақлаған.
Орынлы иске жортып, ой таппаған,
Жумыс ислеп, ямаса мал бақпаған.
Бийқәсийет болады ондай жигит,
Ешейин қуры бийкар былғақлаған [7:10].

Қосықта бийкар жүрген, кәсип-өнер үйренбеген, мийнет етпеген адамлардан жақсы қәсийет шықпайтуғынлығын сынға алады. Бул жағынан Әжинияз шайырдың «Аржағында болмағанша» атлы қосығының идеясы менен үнлес болып келеди. Қосықта жасларды дурыс турмыс кеширiўге, мийнет ислеўге, жақсы ҳам жаманды айырып билиўге бағдарлайды. Мысалы:

Қәдирин бил барлық жанның,
Маңлай терден өнген дәнниң,
Қәдирин билмес астың-нанның,
Бес күн дәмин татпағанша [10:101].

«Интернатта оқып жүр» қосығының да тийкарғы идеясы, жасларды илим алыўға, билимли болыўға, халыққа ҳадал хызмет етиўге шақырыў. Мысалы:

Пайда ойлама, ар ойла!
Талап қыл, артық билиўге!
Артық илим китапта,
Еринбей оқып көриўге… [5:9]

**Жуўмақ.** Жуўмақлап айтқанда, Абайдың бийбаҳа, тәкирарланбас мийрасларын тереңнен таллап үйрениў – жаслар ушын оғада әҳмийетли мәселелерден саналады. Шайырдың ҳәр бир шығармасы жас әўлад ушын руўхый азық бола алады.

**Әдебиятлар**


1. Ахметов З. Өлең сөздің теориясы. – Алматы: «Мектеп», 1973.
2. Ахметов З. Абайдың ақындық әлемі. – Алматы: «Ана тілі», 2008.
3. Абайтану. Таңдамалы еңбектер. I том. Ойлар мен толғаныстар / құраст., түсінік. жазғ.: П.Бисенбаев, Е.Кәрібозов, Л.Мусалы, Н.Нүрәділ. – Алматы: Қазақ университеті, 2015.
4. Абай және қарақалпақ әдебиеті. / Құрастырғандар: Қ.Жумажанов, С.Исмайлов, Ш.Аяпов. – Алматы: «Рауан», 1995.
5. Абай. Ғылым таппай мақтанба. (Өлеңдер жыйнағы). – Алматы: Қазақтың мемлекет көркем әдебіет баспасы, 1950.
6. Абай. Сайланды қосықлары, поэмалары, қара сөзлери. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1990.
7. Абай. Сайланды қосықлары, поэмалары. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1985.
8. Абай Қара сөдері. https://abai.kz/post/6
9. Berdaq. Saylandı shıǵarmaları. – Nókis: «Bilim», 2022.
10. Әжинияз. Зийўар. Таңламалы шығармалары. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қозоқ адабиётининг классик шоири Абай Қунанбой ўғлининг дидактик шеърлари таҳлил қилинди. Шоир шеъриятида ақл-насиҳат, илм-маърифат эгаллаш масалалари ва таълим-тарбия масалалари ўрганилди. Эл-юртнинг келажак тақдирини уйлаш, инсон боласининг улуғлигини, инсоний фазилатларини, меҳнатсеварлик ва таълим-тарбия масалаларини тараннум этувчи асарлари мисоллар орқали таҳлил қилинди.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются дидактические стихи классического поэта казахской литературы Абая Кунанбай улы. В поэзии поэта были изучены вопросы нравственного воспитания, приобретения знаний и образования. На примерах обсуждались произведения, воспевающие будущую судьбу народа, величие человека, человеческие качества, трудолюбие и воспитание.

**SUMMARY.** The article discusses the didactic poems of the classic poet of Kazakh literature, Abay Kunanbayuly. The poet's poetry explored issues of wisdom, knowledge acquisition, and upbringing. Works celebrating the future destiny of the nation, human greatness, human qualities, and the issues of diligence and education were discussed with examples.